

Enfòmasyon Avan Acha U.S. Bank ReliaCard®
Non Pwogram lan: Chomaj nan Massachusetts

Sèvis yo ka disponib sèlman nan lang anglè.

Ou kapab chwazi opsyon kijan pou resevwa peman ou yo,
tankou depo dirèk nan kont bankè oswa kat prepeye sa a.
Mande ajans ou an ki opsyon ki genyen epi chwazi opsyon pa ou an.

| Frè Chak Mwa | Chak acha | Retrè nan ATM | Rechaj avèk Lajan Kach |
|--------------|------------|--|---------------------------|
| \$0 | \$0 | \$0 nan rezo \$0.75 andeyò rezo | Pa Aplikab |

Konsilte Balans nan ATM (nan rezo oswa andeyò rezo) **\$0**

Sèvis Kliyantèl (otomatik oswa ajan an dirèk) **\$0** pou chak apèl

Inativite **\$0**

Nou chaje kat (4) lòt kategori frè. Youn ladan yo se:

Ranplasman Kat (livrezon estanda oswa rapid) **\$0** oswa **\$10.00**

Konsilte Tarif Frè ki koresponn yo pou konnen mwayen ki gratis yo pou gen aksè ak lajan ou yo epi
pou gen enfòmasyon sou balans ou.

Pa gen fonksyon dekovè (overdraft)/kredi.
Asirans FDIC an aksepte fon ou yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou kont prepeye yo, vizite cfpb.gov/prepaid (nan lang anglè).
Ou ka jwenn detay ak kondisyon sou tout frè ak sèvis andedan pake kat lan ye a oswa rele
nan **1-844-532-0696** oswa vizite usbankreliacard.com (nan lang anglè).

Tarif Frè U.S. Bank ReliaCard®

Non Pwogram lan: Chomaj nan Massachusetts

| Tout Frè | Montan | Detay yo |
|--|---------|---|
| Pran Lajan Kach | | |
| Retrè nan ATM (nan rezo a) | \$0 | Sa se frè nou pran pou chak retrè. "Nan rezo" fè referans ak rezo ATM ki nan sistèm U.S. Bank oswa MoneyPass® oswa Allpoint®. Ou kapab jwenn biwo yo nan usbank.com/locations (nan lang anglè) oswa moneypass.com/atm-locator.html (nan lang anglè) oswa allpointnetwork.com (nan lang anglè). |
| Retrè nan ATM (andeyò rezo) | \$0.75 | Sa se frè nou pran pou chak retrè. "Ki pa nan rezo" fè referans ak tout ATM ki pa nan rezo U.S. Bank oswa MoneyPass oswa rezo ATM Allpoint. Operatè ATM nan ka touche yon frè tou sou ou menm si w pa rive fè tranzaksyon an. |
| Retrè Lajan Kach Ajan Kès lan | \$0 | Sa a se frè nou pran lè w retire lajan kach sou kat ou an nan men yon kesye ki nan yon bank oswa yon credit union (koperativ) ki aksepte Visa®. |
| ENFÒMASYON | | |
| Konsilte Balans nan ATM (nan rezo) | \$0 | Sa se frè nou chaje chak fwa ou mande enfòmasyon. "Nan rezo" fè referans ak rezo ATM ki nan rezo U.S. Bank oswa MoneyPass® oswa Allpoint® yo. Ou kapab jwenn biwo yo nan usbank.com/locations (nan lang anglè) oswa moneypass.com/atm-locator.html (nan lang anglè) oswa allpointnetwork.com (nan lang anglè). |
| Konsilte Balans nan ATM (andeyò rezo) | \$0 | Sa se frè nou chaje chak fwa ou mande enfòmasyon. "Ki pa nan rezo" fè referans ak tout ATM ki pa nan rezo U.S. Bank oswa MoneyPass oswa rezo ATM Allpoint. Operatè ATM nan kapab touche frè sa yo tou sou ou. |
| Lè w itilize kat ou andeyò peyi Etazini | | |
| Tranzaksyon Entènasyonal | 3% | Sa a se frè nou chaje k ap aplike lè ou itilize kat ou an pou achte nan men machann ki aletranje yo epi pou retire lajan kach nan ATM ki aletranje yo epi li koresponn ak yon pouasantaj tranzaksyon pou montan dola a, aprè yo fin konvèti lajan an. Gen kèk tranzaksyon, menm si ou menm epi/oswa machann oswa ATM yo se nan peyi Etazini yo ye, yo konsidere yo antanke tranzaksyon ki fèt aletranje daprè régleman rezo ki aplikab yo, epi nou pa kontwole kijan machann, ATM ak tranzaksyon sa yo klase nan pwen sa a. |
| Retrè nan ATM Aletranje | \$0.85 | Sa se frè nou pran pou chak retrè. Operatè ATM nan ka touche yon frè tou sou ou menm si w pa rive fè tranzaksyon an. |
| Konsilte Balans nan ATM Aletranje | \$0.25 | Sa se frè nou chaje chak fwa ou mande enfòmasyon. Operatè ATM nan kapab touche yon frè tou sou ou. |
| Lòt | | |
| Ranplasman Kat | \$0 | Sa se frè nou chaje chak fwa n ap fè yon ranplasman kat ki pèdi pou voye li pou ou nan kourye lapòs pa mwayen livrezon nòmal (k ap pran jiska 10 jou ouvrab). |
| Livrezon Rapid pou Ranplasman Kat | \$10.00 | Sa se frè nou chaje pou livrezon rapid (k ap pran jiska 3 jou ouvrab) anplis pou tout frè Ranplasman Kat yo. |

Pandan komunikasyon sa a fèt an kreyòl ayisyen, komunikasyon U.S. Bank k ap vin apre yo, ak dokiman ki gen rapò ak akò kontra ou yo, ak piblikasyon, avi, ak deklarasyon yo, sèvis bankè anlyi ak mobil yo ka disponib sèlman nan lang anglè. Ou dwe kapab li epi konprann sa ki nan papye sa yo, oswa resevwa èd pou tradwi yo, pou w ka konprann epi itilize pwodwi oswa sèvis sa a. Dokiman anglè yo disponib se si w mande yo.

Asirans FDIC an aksepte fon ou yo. Lajan ou yo se U.S. Bank National Association, yon enstitisyon ki gen asirans FDIC k ap kenbe yo, epi FDIC asire jiska \$250,000 si U.S. Bank ta fè fayit. Verifye fdic.gov/deposit/deposits/prepaid.html (nan lang anglè) pou jwenn detay.

Pa gen fonkson dekouvè (overdraft)/kredi.

Kontakte sèvis pou Moun ki Gen Kat yo pandan w ap rele nan **1-844-532-0696**, pa kourye lapòs nan P.O. Box 551617, Jacksonville, FL 32255 oswa vizite usbankreliacard.com (nan lang anglè).

Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou kont prepeye yo, vizite cfpb.gov/prepaid (nan lang anglè). Si w genyen yon plent sou yon kont prepeye, rele Biwo Pwotesyon Finansye Kliyan an nan 1-855-411-2372 oswa vizite cfpb.gov/complaint (nan lang anglè).